

Poukisa nou dwe vaksine timoun?

Gen timoun ki malad anpil ak coronavirus. COVID-19 se sizyèm pi gran tiyè de timoun laj 5 a 11 zan e 8600 timoun te ospitalize.

Laplipa nan timoun yo pa tonbe malad menm jan ak granmoun yo, men yo kapab toujou propajel. Vaksen COVID-19 ap pwoteje granparan yo, jèn frè ak sè yo ak lòt moun de enfeksyon, ospitalizasyon, oswa lanmò de ka grav ak viris la.

Fè timoun yo vaksine ap ede anpeche epidemi kap pèmèt lekòl fèmen.

Eske vaksen an li san danje pou timoun?

Wi! Nan 4,500 timoun komanse nan laj 6 mwa pou rive nan 11 zan, vaksen an te san danje ak efikas nan pwevansyon ka grav de viris la

Risk COVID-19 yo yo depase tout risk potansyèl vaksen an.

Kijan nou kapab rasire sekirite timoun ki gen mwens ke sink an?

Aktyèlman, pa genyen yon vaksen COVID-19 ki apwouve pou timoun mwens ke 5 kan. Men ou kapab pwoteje pitit ou poul pa enfekte ak pwopaje viris la ak lòt moun.

- + Asire ke tout moun lakay la de laj 5 kan akplis pou yo vaksine.
- + Manman kap bay pitit yo tete yo, kapabvaksine pou yo ede transmèt antikò akbebe yo.
- + Ankouraje mete kashnen lè ou andan akpwatike distans sosyal espesyalman pamimoun ki pa vaksine.
- + Lave men ou.
- + Siveye mizajou sou disponiblite vaksen poutimoun.

KIJAN MWEN KA BAY PITIT MWEN VAKSEN COVID-19?

- ✓ **Kontakte depatman sante lokal ou pou fè yon randevou** oswa mande ki kote vaksen klinik mobil yo lokalize.
- ✓ **Kontakte Sant sante kominote lokal la pou fè yon randevou.**
- ✓ **Mande doktè pitit ou si yo ofri vaksen COVID-19 yo.**
- ✓ **Tyeke avèk famasi lokal ou.** Petèt yo kapab ofri vaksen yo.
- ✓ **Pale avèk lekòl pitit ou** konsènan pran yon vaksen COVID-19. Petèt yo kapab ofri vaksen nan klinik lekòl la.
- ✓ Gen kèk kote ke, yo ekzije paran yo pou yo prezan lè pitit yo ap vaksine. Chache klinik apwè lè ak klinik tanpore ap pi fasil pou paran kap travay.

POU PLIS ENFÓMASYON



Vizite Sant kontwòl maladi ak pwevansyon:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>



htmlPou repons ak Keksyon yo Poze Keksyon Souvan, visite **Migrant Clinicians Network (MCN):**
<https://bit.ly/3ki1xAI>

Dènye enfòmasyon revize:
22 mas, 2022



Timoun ak Vaksen COVID-19 la

- ✓ **Mete mask**
- ✓ **Distans Sosyal**
- ✓ **Lave men ou**
- ✓ **PRAN VAKSEN!**

Kanpay Sansibilizasyon Vaksen COVID-19




VAKSEN COVID-19 YO POU TIMOUN

- Timoun ki gen plis ke 5 an: 2 dòz, 3 semèn apa, men pou ti gason 12-17: 2 dòz, 8 semèn apa.*
- Timoun 12-17: yo bay yon rapèl vaksinyasyon 5 mwa apre dezyèm dòz la.
- Timoun ki gen sistèm iminitè ki fèb ant 5 ak 11 an: yo bay yon rapèl vaksinyasyon 28 jou apre dezyèm dòz la.

KIJANOU PROTEJE PITIT OU

- + Se pou ou vaksine e fè timoun de 5 kan e plis vaksine tou.
- + Mete yon mask lè w anddan menm si w fin pran tout vaksen w yo.
- + Si pitit ou fin pran tout vaksen li epi li ekspozè a COVID-19, timoun nan pa bezwen mete l nan karantèn. Fè yo teste 5-7 jou apre yo te ekspozè an.




Konsiderasyon Espesyal pou Fanm yo

- + Pou fanm de nenpòt laj ki ansent, kap bay tete, oswa kap eseye vin ansent, vaksen yo enpòtan pou kenbe manman yo ak bebe yo an sante.
- + Pou fanm migran yo ak adolesan yo de laj 18-60 ane, nou rekòmandepou pran vaksen Pfizer oswa Moderna, si yodisponib nan zon ou an.

*CDC rekòmande chanjman nan orè sa a pou redwi risk pou myokardit pami ti gason adolesan yo.


KISA POU ESPERE APWÈ TIMOUN YO FIN VAKSINE?



Li enpòtan pou timoun yo vaksine menm lè yo te genyen COVID-19 la.



Li konplètman GRATIS e PA ekzije okenn fòm idantifikasyon.




Vaksen COVID-19 la li san danje e li efikas pou timoun.




Apwè vaksinyasyon, timoun yo kapab eksperymanite ponyèt fèmal, tèt fèmal, lafyèv oswa frison.



Yap santi yo pi byen kelke jou apwè vaksen yan.



Timoun ap konsidere ke konplètman vaksine 2 semèn apwè dènye dòz final yo a.



Kontinye mete kashnen, lave men ou, e kenbe distans sosyal.



Lè ou vaksine wap ede pwoteje pitit ou ak lòt moun de COVID-19 la!



AVANTAJ VAKSINYASYON YO

- ✓ Vaksinyasyon ap pwoteje timoun ak fanmi yo de maladi grav e pou yo pa ospitalize.
- ✓ Vaksinyasyon an ap diminye nonb nouvo ka grav ak ka lanmò de COVID-19 nan kominote ou a.
- ✓ Vaksinyasyon ap pwoteje lopital ak founisè swen yo pou yo pa sichaje avèk maladi grav de COVID-19 la.
- ✓ Lè gen plis moun ki vaksine nan kominote a, mwens nap genyen poun enkyete pou nouvo varyan yo.
- ✓ Timoun yo ap kapab retounen nan aktivite lekòl yo pi bonè si plis moun vaksine.

RISK POU MOUN KI PAVAKSINE

- ✗ Risk enfeksyon COVID la vin pi wo.
- ✗ Risk enfeksyon grav, ospitalizasyon ak lanmò vin pi grav.
- ✗ Risk pou devlope sinptom long tèm de COVID-19 la vin pi wo.
- ✗ Risk pou ekspozè ak nouvo fòm de viris vinpi kontajye e pi danjere.